



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE  
OFISYE LAPOLIS ROCHESTER ANTHONY MAZURKIEWICZ KI MOURI**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding eta a yo pral flote a demi ma nan 31 jiyè ak 1 out nan onè Ofisye Lapolis Rochester Anthony Mazurkiewicz ki mouri. Drapo yo ta dwe bese a demi ma nan leve solèy la nan 31 jiyè ak 1 out, jou sèvis finerè Ofisye Mazurkiewicz la epi retounen flote nèt nan kouche solèy nan 2 out, apre sèvis finerè a.

"Pèt Ofisye Mazurkiewicz se te yon trajedi san sans, epi panse mwen ale jwenn madanm li, pitit li yo ak tout pwòch li yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak jou, ofisye lapolis yo mete lavi yo andanje pou pwoteje Nouyòkè yo epi nou pral kontinye pran mezi agresif pou atake vyolans ak zam nan kominote nou yo. Tout New York nan lapenn pou pèt Ofisye Mazurkiewicz ansanm ak fanmi li, Depatman Lapolis Rochester, ak kominote a, epi nou p ap janm bliye sakrifis li".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418